



KESYON SEKOU **DEZAS FEMA KI** **MANDE SOUVAN**

1. Ki kalite benefis FEMA founi?

Ajans Jesyon Ijans Federal la (FEMA) se yon ajans parapli ki koòdine benefis gouvèman eta e federal pou viktim dezaz. FEMA deside kiyès ki elijib pou **Pwogram Endividyel e Lakay (IHP)**. IHP gen de pati: **Èd Lakay e Èd Finansyel pou Adrese Lot Bezwen**.

2. Ki kantite kob mwen kapab resevwa nan men FEMA?

Ou paka resevwa plis ke \$33,300 ansanm atrave pwogram IHP, ki enkli Ed Lakay Dezaz e “Ed Finansyel pou Ranpli Lot Bezwen.” Anplis moun yo resevwa anpil mwens ke sa. Pou Aplike, rele FEMA a **1-800-621-FEMA (3362)** (pwoblem tande/pale **TTY 1-800-462-7585**). Ou kapab aplike sou-intènèt la a <https://www.disasterassistance.gov/>

3. Eske mwen bezwen yon citwayen U.S. pou resevwa benefis FEMA?

Non. Etranjè kalifye elijib pou aplike pou benefis FEMA. Si ou se yon imigran ki poko vin yon citwayen U.S. ou ap kalifye si ou se yon rezidan pèmanan avek yon kat vè, yon refijiyè, yon moun azil (yon aplikan azil ki gen tan resevwa azil), yon moun pawole pou onmwèn 1 ane, yon moun ki antre soti Cuba/Ayiti, yon moun ki poko depòte, ou yon viktim vyolans domestik. Si ou kalifye, ou kapab aplike pou fanmi ou menm si li pa tout moun nan fanmi a ki kalifye.

4. Kiyès ki elijib pou Èd Lakay Dezaz (DHA)?

Ou elijib si residans primè ou gen tan vin envivab akòz de dezaz la. Si ou gen asirans ou dwe montre osi ke ou te fe efò rezonab pou resevwa benefis asirans e ke ou p'at gen sikse. Ou dwe dakò osi pou repeye FEMA si ou resevwa benefis asirans.

5. Ki kalite Ed Lakay mwen kapab resevwa?

Ed Lakay Dezaz nòmalmàn pran fòm yon chèk pou kouvri pri de lojman pou yon peryod de 3 mwa.

Si lakay la se pwopriyete ou, ou kapab resevwa kob osi pou ranje domaj la si li pa kouvri pa asirans e pri a minimal. Lè pa gen lakay disponib pou lwe, FEMA kapab bay lakay mobil ou trelè.

6. Kiyès ki elijib pou Ed Finansyel pou Ranpli Lot Bezwen”?

“Ed Finansyel pou Ranpli Lot Bezwen” se pou moun ki gen depans nesesè ki gen relasyon a dezaz ou bezwen serye ki pa kouvri pa lot bagay, ki enkli asirans ou yon pre dezaz nan men SBA. Si FEMA deside ke ou kalifye pou yon pre dezaz nan men SBA, ou ap bezwen aplike pou sa e yo bezwen rejte ou anvan ou kapab resevwa “Ed Finansyel pou Ranpli Lot Bezwen.”

7. Ki kalite ed mwen kapab resevwa nan men pwogram “Lot Bezwen” nan?

“Ed Finansyel pou Ranpli Lot Bezwen yo” se yon chèk pou kouvri depans nesesè ou bezwen serye pou:

- A. Depans dan e medikal ki soti dezaz
- B. Depans antèman pou lanmò ki gen relasyon a dezaz
- C. Ranje ou ranplase pwopriyete pèsonel ki domaje ou detwi pa dezaz la
- D. Ranje ou ranplase yon machin ki te domaje ou detwi pa dezaz la, ou peye pou transpòtasyon piblik
- E. Lot depans tankou depans depo ou transpò ki gen relasyon a dezaz la, ou pri yon Polisy Asirans Gwoup Inondasyon

8. Eske benefis IHP ap afekte elijibilite mwen pou SSI, TANF, Medicaid, ou Koupon Manje?

Non. Benefis Pwogram Lakay e Endividyel pa kapab deminwi kom revni ou resous pou pou detèmine elijibilite ou pou nenpot pwogram revni-teste ki sipòte pa gouvèman federal la.

9. Si mwen dwe yon moun kob, eske benefis IHP mwen yo kapab sezi pa kreditè mwen an?

Non. Benefis IHP pwoteje pa lwa federal de garnitur, sezisman, ankombrans, prelevman, egzekisyon, pwomet, atachman, lage, ou egzanasyon. Ni tou, yo pa kapab asiye ou transfere nan men ou a yon lot moun.

10. Kiyès ki elijib pou pre dezaz Administrasyon Biznis Pitit (SBA)?

SBA a bay pre pèsonel ansanm avek pre biznis apre yon dezaz, a moun e biznis ki te afekte pa dezaz la. Pou kalifye pou yon pre avek enterè ba, ou dwe montre ke lakay ki nan posesyon ou, pwopriyete pèsonel ou, ou biznis ou te domaje pa dezaz la, e ke ou gen dwate pou'w repeye pre a.

Lot Bagay Enpòtan Ke Ou Dwe Konnen:

- **APLIKE KOUNYEYA LA! FEMA gen yon dat limit 60-jou pou aplikasyon dezas, enben yon moun nan lakay ou dwe aplike antre 60 jou apre dezas la (mweske dat limit la gen tan ogmante)!**
- **ASIRE KE OU PRAN YON KOPI DE APLIKASYON OU! FEMA dwe voye ou yon kopi aplikasyon ou apre ou rele pou aplike. Si ou pa resevwa kopi sa a, PA APLIKE ANKÒ! Tanpri kontakte FEMA ou biwo Sèvis Legal lokal ou a.**
- **SELMAN YON MOUN NAN LAKAY OU A DWE APLIKE! Benefis FEMA bay selman a *lakay* e pa *endividyel*. Si plis ke yon moun k'ap viv a menm adres aplike pou benefis, FEMA ap eseye retire kob la nan men moun ki aplike pita a antre nou.**

Si ou gen lot kesyon, tanpri kontakte biwo Sèvis Legal lokal ou a pou plis enfòmasyon. Pou jwen lokasyon biwo bokote ou, ale a <https://floridalawhelp.org/find-legal-help>.